



CAROLINECOUNTY
you belong here
CAROLINE COUNTY COMMISSIONERS OFFICE

LARRY C. PORTER, PRESIDENT
DANIEL J. FRANKLIN, VICE PRESIDENT
WILBUR LEVENGOOD, JR., COMMISSIONER
109 Market Street, Room 123
Denton, Maryland 21629

POU DIFIZE IMEDYATMAN - 21 Mas 2020

Caroline County Rapòte Premye Ka COVID-19 la

Nan 21 mas 2020, Caroline County te enfòm de premye ka pozitif li nan COVID-19 la. Pasyan an se yon fi nan 30s li ki abite nan zòn Federalsburg. Moun nan te teste pa doktè primè li 17 Mas e li te recevwa notifikasyon de rezilta pozitif la byen bonè nan 21 Mas.

Moun nan pa gen okenn istwa nan vwayaje nan tan ki sot pase yo men li te an kontak ak moun ki te vwayaje. Depatman Sante Caroline County an ap travay avèk pasyan an ak Depatman Sante Maryland pou trase kontak li fè yo. Sa a se yon pwosesis pou detèmine ak ki moun endividyèl fè kontak nan jou ki sot pase yo. Moun nan ap repoze lakay li kounye a, kote li menm ak fanmi li nan karantèn.

Komisyonè Larry Porter di "Malerezman, nou te konnen li te sèlman yon kesyon de tan jiskaske nou te gen premye ka COVID-19 la. Ekip nou an te aktivman prepare pou sa a epi yo pare." Porter te kontinye ensiste ke ka sa a nan kominote anpatize enpòtans ki genyen nan distans sosyal. Li te di: "Viris sa a pa sèlman pou moun ki te vwayaje oswa ki gen kondisyon sante. "Jan la p gaye nan kominote nou an demontre bezwen pou moun yo pran sa a oserye epi rete lakay ou depi sa posib."

Akòz lwa sou konfidansyalite, County an pa kapab bay plis detay sou moun ki enfekte a nan moman sa a. Rezidan yo ankouraje pou vizite www.carolinecovid19.org pou enfòmasyon aktyèl ak egzat.